

REMAK ENPÒTAN: Dokiman sa a se pou referans sèlman, epi yo fè l pou ede moun k ap aplike yo konpare tradiksyon sa a bò kote vèsyon anglè fòm nan. Ou dwe ekri tout repons ou yo an anglè sou vèsyon anglè fòm sa a, epi se repons an anglè ou bay yo y ap sèvi pou pran tout desizyon. Otorite pou Asistans pou Etidyan nan Edikasyon Siperyè (Higher Education Student Assistance Authority, HESAA) nan New Jersey p ap aksepte repons nan okenn lòt lang. Menm si nou fè tout sa nou kapab pou tradui fòm sa a byen, tanpri sonje ka gen kèk ti diferans. Se konsa, nenpòt diferans oswa kontradiksyon ki ta parèt nan vèsyon dokiman an yo tradui a pa angaje pèsonn epi yo pa gen okenn valè devan lalwa, ni pou fè yon moun respekte dokiman an, ni pou fè l aplike. Vèsyon anglè fòmilè sa a se vèsyon ofisyèl la, epi se li menm pou w itilize pou w voye repons ou yo. Ou ka jwenn fòm anglè a isit la: www.hesaa.org/Documents/2026-2027HSHL-D.pdf. Si ou jwenn yon erè nan tradiksyon an, oswa si ou vle pwopoze yon tradiksyon ki pi bon nan dokiman sa a, tanpri kontakte responsab lang HESAA a nan LanguageAssistance@hesaa.org. Si ou bezwen plis èd nan telefòn, ou ka rele ekip Ekip Swen Kliyan an (Customer Care Team) nou an nan nimewo 609-584-4480, epi mande yon entèprèt gratis nan youn nan plizyè santèn lang.

STATE OF NEW JERSEY

HIGHER EDUCATION STUDENT ASSISTANCE AUTHORITY

Fèy enfòmasyon sou moun ki nan kay yon etidyan ki depann de paran li pou 2026–2027

Tanpri telechaje fòm nan apre ou fin ranpli l epi siyen li sou Sistèm Jesyon Èd Finansye New Jersey (NJFAMS):
Pou antre nan kont NJFAMS ou, ale sou: https://njfams.hesaa.org/NJFAMS/login.aspx?ReturnUrl=/NJFAMS/int/FinAid/index.aspx
Ale nan lis bagay ou gen pou fè a "To Do List" ("Lis verifikasyo") epi klike sou "Upload Document" ("Telechaje Dokiman") pou w voye dokiman an. **Si w bezwen konsiy sou kijan pou w fè sa, vizite paj sa a:** https://www.hesaa.org/Pages/uploaddocuments.aspx

Non Etidyan an: _____ _____ _____
Siyati | Prenon | Inisyal dezyèm prenon w (M.I.)

Nimewo ID Otorite pou Asistans pou Etidyan nan Edikasyon Siperyè nan New Jersey (NJHESAA): _____

Adrès pèmanan: _____ Vil: _____ Eta: ____ Kòd postal: _____

Adrès Imèl: _____

Eta sivil paran oswa bòparan (Chwazi youn sèl) ☐Selibatè (Pa janm marye) ☐Pa marye, men toude paran yo ap viv ansanm ☐Marye (nou pa separe) ☐Remarye ☐Divòse ☐Separe ☐Vèf/Vèv

Dat eta sivil paran an oswa bopè/bèlmè a (Obligatwa): mm/jj/aaaa_____

Konbyen moun k ap viv kounye a nan kay paran w oswa bòpè/bèlmè w? (Konte tèt ou tou) _____

- Si manman oswa papa w remarye, ou ***dwe*** mete enfòmasyon sou ***nouvo mari oswa nouvo madanm paran w*** la.
- Si paran ou te *divòse oswa yo te separe* ***anvan*** ou ranpli fòm Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Etidyan (FAFSA) a, ***pa*** mete enfòmasyon sou lòt paran an.
- Si paran biyolojik ou yo pa marye, men yo rete ansanm, mete enfòmasyon ***toude*** paran yo sou fòm sa a.
- Si frè ak sè w yo gen ***24 an oswa plis***, ***pa*** mete enfòmasyon sou yo.

Konbyen moun k ap viv nan kay paran w oswa bòpè ak bèlmè w kounye a ki pral nan inivèsite pou ane akademik 2026-2027 la? (Konte tèt ou tou) _____

Mete enfòmasyon pou ***tout*** moun ki nan montan ki pi wo a. Pou moun ki pa nan inivèsite, bay non konplè yo, dat nesans yo, 3 dènye chif nan nimewo sekirite sosyal yo, ak ki lyen yo genyen avè w. Ekri non inivèsite a ak nan ki ane moun nan ye, pou moun ki pral pran kou omwen mwatye tan pandan ane lekòl 2026-2027 la.

NON KONPLÈ *TOUT* **Moun k ap viv nan kay paran w yo (SA GEN LADAN L PARAN W YO TOU) (Obligatwa)**	**DAT NESANS mm/jj/aaaa (obligatwa)**	**NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (Sèlman 3 dènye chif yo) (Obligatwa)**	**RELASYON (avèk etidyan an) (Obligatwa)**	**NON INIVÈSITE A/ ANE NAN INIVÈSITE**
			Etidyan an	/
				/
				/
				/
				/
				/
				/
				/
				/
				/

Mwen (Nou) sètifye tout enfòmasyon ki ekri anwo yo se laverite epi yo pa manke anyen, dapre tout sa mwen (nou) konnen.
Fòk etidyan an ak paran an siyen fèy sa a.

Siyati etidyan an **(obligatwa)**: _____ Dat: _____

Siyati paran oswa boparan **(obligatwa)**: _____ Dat: _____

Dènye Mizajou: 02/03/2026